


## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Sukardi (2003, kc. 183) desain panalungtikan nya éta prosés anu diperlukeun dina ngarancang sarta ngalaksanakeun panalungtikan. Dina ieu panalungtikan digunakeun desain kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Métode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nya éta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol. Métode ékspérimén mangrupa hiji métode panalungtikan anu produktif sabab digunakeun pikeun ngajawab hipotésis anu geus dirumuskeun.

Ieu panalungtikan ngagunakeun desain *one group pre-test post test design*, nya éta panalungtikan anu ngagunakeun dua kali tés, tés awal nya éta tés saméméh dilakukeun perlakuan (*pre-test*) jeung tés ahir nya éta tés sanggeus dilakukeun perlakuan (*post-test*), tapi henteu ngagunakeun kelas kontrol. Ku kituna hasil perlakuan bisa katitén leuwih akurat, sabab hasilna bisa kapaluruh sanggeus ngabandingkeun hasil saméméh dibéré perlakuan jeung hasil sanggeus dibéré perlakuan. Ieu desain panalungtikan téh bisa digambarkeun saperti ieu dihandap:



Keterangan :

O<sub>1</sub> : Tés Awal

O<sub>2</sub> : Tés Ahir

X : Perlakuan ngagunakeun Média *Facebook*

(Arikunto, 2010, kc. 124)

#### 3.2 Sumber Data Panalungtikan

Data téh sagala informasi anu bisa méré gambaran ngeunaan hiji kajadian atawa pasualan, boh éta angka, boh éta kategori kawas bener, salah, loba, saeutik, jeung sajabana (Subana, 2000, kc. 19). Ari numutkeun Arikunto (2010, kc. 161)

data téh sagala hasil catetan panalungtik, boh éta fakta atawa angka. Ku kituna, sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh hasil nulis pangalaman pribadi anu mangrupa angka-angka siswa kelas VII-3 di SMP Negeri 16 Bandung taun ajaran 2014/2015 anu jumlahna 37 urang, siswa lalaki jumlahna 16 urang sedengkeun siswa awéwé jumlahna 21 urang dina pangajaran basa Sunda semester 1 taun ajaran 2014/2015. Ieu data téh mangrupa sumber primer.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto dina Pratama (2014, kc. 34) instrumen mangrupa pakakas nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, sangkan leuwih gampang tur sistematis. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Kamampuh siswa diukur dua kali, nya éta saméméh *perlakuan* (pretest) jeung sanggeus *perlakuan* (posttest). Pretés dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh nulis pagalaman pribadi saméméh ngagunakeun media *facebook*, sedengkeun postés dilaksanakeun pikeun ngukur hasil diajar siswa dina nulis pangalaman pribadi sanggeus ngagunakeun média *facebook*.

Tés dilaksanakeun dina wangun tés tulisan anu mangrupa paréntah pikeun siswa nulis pangalaman pribadi anu kungsi karandapan ku maranéhna kalawan merhatikeun eusi karangan, organisasi, kosa kecap, basa, jeung mékanik.

Ieu di handap soal tés anu dipaké dina panalungtikan.

Soal Pre tést

Pék jieun karangan pangalaman nu pikaresepeun, pikabungaheun, pikasieuneun, pikaseurieun atawa pikasediheun anu kungsi karandapan ku hidep dina kahirupan sapopoé!

Soal Post test

Pék jieun karangan pangalaman nu pikaresepeun, pikabungaheun, pikasieuneun, pikaseurieun atawa pikasediheun anu kungsi karandapan ku hidep dina kahirupan sapopoé kalayan merhatikeun eusi karangan, kosa kecap, basa jeung éjahan anu saterusna éta karangan di *posting/upload* kana grup *facebook* kelas!

Téknis ngalaksanakeun ieu panalungtikan ngagunakeun observasi langsung, nya éta obsérvasi anu dilaksanakeun sacara langsung kana objék nu ditalungtik. Tés dilakukeun dua kali, nya éta saméméh jeung sabada maké média *facebook*.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés. Tes di dieu mangrupa alat ukur pikeun mikanyaho kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa saméméh jeung sabada maké média *facebook*, bisa mangrupa runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat lianna anu digunakeun dina ngumpulkeun data kaparigelan, pangaweruh intelegénsi, sarta kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok.

Dina ieu panalungtikan, jenis tés anu dilakukeun téh nya éta tés tulis masing-masing siswa nulis pangalaman pribadi ngaliwatan media *facebook*.

### 3.5 Téhnik Analisis Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Kagiatan nganalisis jeung ngolah data minangka cara anu digunakeun pikeun nyangking jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan dicangking ngaliwatan téknik tés, ngawengku pratés jeung postés.

Analisis data dina ieu panalungtikan baris dilakukeun ngaliwatan tahapan-tahapan saperti ieu dihandap.

- 1) Mariksa hasil tés awal jeung tés ahir karangan pangalaman pribadi siswa ku cara nyirian kekecapan anu kurang merenah, éjahan nu kurang merenah, eusi karangan anu perlu dimekarkeun deui, organisasi karangan, sarta basa anu dipaké.
- 2) Méré peunteun kana hasil nulis pangalaman pribadi siswa kalawan ngagunakeun pedoman meunteun karangan.

a.

$$\text{Skor atah} = \frac{\text{skor nu dihontal}}{\text{Skor maksimal}}$$

KKM : 75  
Peunteun maksimal : 100

Katégori : Peunteun  $\geq 75$ , siswa dianggap mampu nulis pangalaman pribadi anu bener.  
Peunteun  $\leq 75$ , siswa dianggap can mampu nulis pangalaman pribadi anu bener

Sangkan leuwih jéntré, ieu dihandap mangrupa tabél kritéria meunteun karangan siswa.

Tabel 3.1  
Kritéria Meunteun Karangan Pangalaman Pribadi Siswa

Aspék Kamampuh Nulis	Skor	Kritéria
(1)	(2)	(3)
Eusi	4	Hadé pisan (sampurna, hartina maham pisan, mekarkeun kecap koncina relevan/luyu jeung judul sarta pasualan anu dipedar)
	3	Cukup-Hadé (maham pisan, mekarkeun kecap koncina relevan/luyu jeung judul sarta pasualan anu dipedar tapi kurang lengkap)
	2	Sedeng-Cukup (pamahamanna kurang, mekarkeun kecap koncina kurang saluyu sarta pasualan nu dipedarna heureut)
	1	Kurang hadé (teu maham kana eusi, teu mekarkeun kecap konci, teu cukup pikeun diajén)
Organisasi	4	Hadé pisan (éksprési lancar, gagasan anu diungkapkeun jéntré, <i>padat</i> , rapi, runtuyanna logis jeung kohésif)
	3	Cukup-Hadé (éksprési kurang lancar, kurang <i>terorganisir</i> , tapi gagasan utama jéntré, kurang rapi, bahan anu ngarojong kawatesanan, runtuyan logis tapi teu lengkap)
	2	Sedeng-Cukup (éksprési teu lancar, gagasanna teu jéntré, kapotong-potong, runtuyan jeung mekarkeunna teu logis)
	1	Kurang-Hadé (henteu komunikatif, teu <i>terorganisir</i> , teu cukup pikeun diajén)
Kosa Kecap	4	Hadé pisan (jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkapkeun kecapna merenah, sarta ngawasa pisan pangwangunan kecap)
	3	Cukup-Hadé (kurang jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkapkeun kecapna kadang-kadang teu merenah tapi henteu ngaganggu)

(1)	(2)	(3)
	2	Sedeng-cukup (sedeng, kurang éféktif, milih kecapna kawatesanan jeung maké kosa kecapna sering salah anu ngabalukarkeun ma'nana ogé salah)
	1	Kurang-Hadé (teu éféktif, milih kosa kecap padu waé, pangaweruh ngeunaan kosa kecap kurang pisan, teu cukup pikeun diajén)
Basa	4	Hadé pisan ( ngawasa pisan tata basa, saeutik kasalahan dina maké jeung nyusun kalimah jeung kecap)
	3	Cukup-Hadé (pamakéan jeung nyusun kalimah sarta kecapna sederhana, saeutik kasalahan tata basa, teu ngaleungitkeun ma'na)
	2	Sedeng-Cukup (hésé dina maké jeung nyusun kalimah sederhana, kasalahan tata basa, ma'nana ngabingungkeun)
	1	Kurang Hadé (teu ngawasa pamakéan jeung panyusunan kalimah, teu komunikatif, teu cukup pikeun diajén)
Mékanik	4	Hadé Pisan (ngawasa aturan panulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan)
	3	Cukup-Hadé (kurang ngawasa aturan panulisan, kadang-kadang aya kasalahan éjahan tapi teu ngarobah ma'na)
	2	Sedeng-Cukup (kurang ngawasa aturan panulisan, sering kajadian salah éjahan, ma'nana ngabingungkeun)
	1	Kurang Hadé (henteu ngawasa kana aturan panulisan, loba kasalahan éjahan, tulisan hésé dibaca, teu cukup pikeun diajén)

(Hartfield, spk., 1985, kc. 91; Nurgiyantoro, 1988, kc. 305-306, dina Puspitasari, 2014, kc 29-31).

- 3) Ngasupkeun peunteun tés awal jeung tés ahir nulis karangan pangalaman pribadi siswa.

Tabel 3.2

Tingkat Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII 3  
SMP Negeri 16 Bandung Taun Ajaran 2014/2015 Ngagunakeun Media *Facebook*

No	Ngaran siswa	Aspek					$\Sigma$	S1	Aspek					$\Sigma$	S2
		A	B	C	D	E			A	B	C	D	E		

Keterangan:

- A : eusi  
 B : organisasi  
 C : kosa kecap  
 D : basa  
 E : mékanik  
 $\Sigma$  : jumlah  
 S1 : skor *pretest*  
 S2 : skor *postest*

### 3.5.1 Uji Sifat Data

Uji sifat data dipigawé sabab ayana sarat anu kudu dicumponan saacan panalungtik nangtukeun téhnik analisis statistik. Uji sifat data dina ieu panalungtikan aya dua, nya éta uji normalitas jeung uji homogénitas. Uji normalitas nya éta pikeun nguji normalitas sampel. Data anu miboga distribusi normal diolah ku cara analisis paramérik kalawan maké *t-test*. Data anu distribusina teu normal diolah maké analisis non paramérik kalawan maké *Wilcaxon Match Paris Test*. Satulunya uji homogénitas nya éta pikeun nguji distribusi data nu teu normal sarta tujuanna pikeun nangtukeun homogénitas nilai siswa.

#### 3.5.1.1 Uji Normalitas Data

Dina Statistik Paramérik miboga sarat yén anu dianalisis kudu miboga distribusi normal. Ku kituna kudu ngayakeun uji normalitas data. Pikeun nguji distribusi hiji data normal atawa henteuna bisa maké rumus *chi* kuadrat ( $X^2$ ).

Léngkah-léngkah nu kudu dipigawé saméméh make *chi* kuadrat saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun skor panggedéna jeung skor pangleutikna. Éta skor ngacu kana hasil nulis pangalaman pribadi siswa.
- 2) Néangan batas-batas interval : nangtukeun rentang skor kalawan maké rumus:

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna}$$

(Subana, 2000, kc. 38)

- 3) Nangtukeun lobana kelas (K) kalawan maké rumus:

$$K = 1 + 3,3 \log N$$

(Subana, 2000, kc. 39)

- 4) Nangtukeun panjangna kelas (P) kalawan maké rumus:

$$P = \frac{r}{k}$$

(Subana, 2000, kc. 40)

- 5) Nyieun tabél distribusi frékuénsi peunteun tés awal jeung tés ahir kalawan maké tabél:

Tabél 3.3

Distribusi Frékuénsi Peunteun

No	Interval	Fi	Xi	xi <sup>2</sup>	fi.xi	fi.xi <sup>2</sup>

Keterangan:

fi : Jumlah data

xi : Nilai tengah

- 6) Pikeun néangan rata-rata peunteun maké rumus:

$$X = \frac{\sum fi . xi}{\sum fi}$$

(Subana, 2000, kc. 63)

- 7) Pikeun néangan standar déviasi kalawan maké rumus:

$$SD = \sqrt{\frac{n(\sum fi . xi^2) - (\sum f i x i)^2}{n(n - 1)}}$$

- 8) Pikeun ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi (perkiraan)

Tabél 3.4  
Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Kelas Interval	O <sub>i</sub>	BK	Z <sub>itung</sub>	Z <sub>tabél</sub>	L	E <sub>i</sub>	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$

Katerangan

- O<sub>i</sub> : Frékuénsi Obsérvasi  
 BK : Batas Kelas  
 Z<sub>itung</sub> : Transformasi normal  
 Z<sub>tabél</sub> : Standar normal  
 L : Legana unggal kelas interval  
 E<sub>i</sub> : Frékuénsi ékpéktasi  
 X<sup>2</sup> : *Chi* kuadrat

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

- 9) Pikeun nangtukeun derajat kebebasan (dk) maké rumus:

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

- 10) Nangtukeun harga X<sup>2</sup> tabel

- 11) Nangtukeun normalitas data kalawan maké kritéria ieu di handap.

x<sup>2</sup> itung < x<sup>2</sup> tabél hartina distribusi data normal

x<sup>2</sup> itung > x<sup>2</sup> tabél hartina distribusi data teu normal



### 3.5.1.2 Uji Homogénitas

Salian uji normal henteuna distribusi data hiji sampel, panalungtik ogé perlu uji homogénitas ka sababaraha sampel, nya éta seragam henteuna variansi sampel-sampelnu dicokottina populasi nu sarua (Arikunto, 2013, kc. 363).

Ieu dihandap mangrupa léngkah-léngkah ngitung uji homogénitas dina ieu panalungtikan.

- 1) Ngitung variansi masing-masing kelompok *pre-test* jeung *post-test* maké rumus:

$$Sx^2 = \frac{n \cdot \Sigma x^2 - (\Sigma x)^2}{n(n-1)} \qquad Sy^2 = \frac{n \cdot \Sigma y^2 - (\Sigma y)^2}{n(n-1)}$$

- 2) Hasil tina varians diasupkeun kana distribusi F maké rumus:

$$F = \frac{S \text{ besar}}{S \text{ kecil}}$$

- 3) Nangtukeun derajat kebebasan

$$dk = n-1$$

- 4) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu dihandap.

$F_{itung} > F_{tabel}$ , hartina data teu homogén

$F_{itung} < F_{tabel}$ , hartina data homogén

### 3.5.1.3 Uji Gain

Tujuan uji gain téh pikeun nangtukeun naha aya béda nu signifikan antara peunteun tés awal jeung tés ahir. Tina uji gain bisa meunang gambaran naha aya béda anu signifikan antara kamampuh awal jeung kamampuh ahir siswa dina nuliskeun pangalaman pribadi sanggeus dibéré *treatment*. Pikeun nigawé uji gain bisa maké tabél saperti ieu di handap.

Tabél 3.5

Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII 3 SMP Negeri 16 Bandung Taun Ajaran 2014/2015 Ngagunakeun Média *Facebook*

No	Ngaran siswa	Aspek					$\Sigma$	S1	Aspek					$\Sigma$	S2	d	d <sup>2</sup>
		A	B	C	D	E			A	B	C	D	E				

Katerangan :

- A : eusi
- B : organisasi
- C : kosa kecap
- D : basa
- E : mékanik
- $\Sigma$  : jumlah
- S1 : skor *pretest*
- S2 : skor *posttest*
- d : gain

### 3.5.1.4 Uji Hipotésis

Saumpama data hasil uji normalitas nunjukeun distribusi data normal, mangka nguji hipotésis maké kaidah-kaidah statistik paraméतिक kalawan maké uji *t-test*. Anapon léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun Mean tina béda tés awal jeung tés ahir (Md) kalawan maké rumus:

$$Md = \frac{\Sigma d}{N}$$

- 2) Nangtukeun Derajat Kebebasan (dk) kalawan maké rumus:

$$dk = n - 1$$

- 3) Nangtukeun kuadrat deviasi kalawan maké rumus:

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 - \frac{(\Sigma d)^2}{N}$$

- 4) Nangtukeun t kalawan maké rumus:

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\Sigma x^2 d}{N(N-1)}}}$$

Resl

Ditarima henteuna hipotésis dumasar kritéria di handap:

- 1) Lamun  $t_{itung} > t_{tabel}$  hartina hipotésis ditarima, yén média sosial bisa nagrinjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII 3 SMP Negeri 16 Bandung.
- 2) Lamun  $t_{itung} < t_{tabel}$  hartina hipotésis ditolak, yén média sosial teu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII 3 SMP Negeri 16 Bandung